



Conférence Episcopale d'Haïti

CEH

56, Angle Rues Piquant et Lamarre, Champ-de-Mars, HT 6110, Port-au-Prince, Haïti (W.I.)
Tél. : (509) 3701-2232 / 3701-2215 / 3388-7304
e-mail : ceh56@hotmail.com / URL : <http://eglisecatholiquehaïti.org>

**Mesaj Evèk Legliz Katolik Ayiti yo voye pou Pèp Bondye a:
pè yo, mè yo, frè yo, fidèl layik yo ak tout moun ki gen bòn volonté
pou Karèm 2025 la**

Pèleren lesperans, an nou pran chimen limyè Pak Granmèt la

1. Tan karèm nan rive sou nou ane sa nan konteks Ane jibilè 2025 la. Pap Franswa envite nou viv Ane lagras ak transfòmasyon sa a nan lesperans. Konsa, nou tout envite pou nou fè Pak sa a tounen yon veritab pelerinaj espirityèl k ap mennen nou nan Pak Jezi Kri a, vrè sous esperans nou.
2. Nan sitiyasyon patikilye Ayiti ye a, n ap viv tan karèm sa a tankou yon vrè chemen penitans. Sa fè déjà twò lontan depi n ap konnen soufrans san parèy sa a ki make ak move tèrè vyolans yo, mechanste gwoup ame yo ak konpòtman pouryanis oswa enpisans moun ki ta dwe garanti lajistik ak lapè nan peyi a. Menm jan ak lè pèp Izrayèl la t ap kouri pou Mizè Lejip t ap fè l pase oswa lè lòt nasyon lènnmi te konn anvayi li, n ap viv yon moman kote fòs fènwa yo sanble dechennen, kote san inosan yo ap pouse kout rèl monte nan syèl la.
3. Chak Ayisyen dwe santi li konsène epi endiye poutèt ravaj sa a peyi nou an ap sibi a. Yo detwi, sou tout fòm epi yon fason òganize, anpil estrikiti enpòtan nan lavi peyi a, espas ki gen pou wè ak lasante (lopital, famasi, laboratwa medikal) ak espas ki gen pou wè ak ledikasyon (bibliyotèk, lekòl, inivèsite), domaj k ap fèt sou lavi moun ki sakre. Nou pa gen mo pou nou pale sou zak malonèt sa a, kote yo pran yon ti bebe nan men manman li ak vyolans pou lage li nan dife devan je manman an ki, podyab, ap gade bagay tèrib sa a. Moun ki egzekite zak tèrib sa a ta dwe jije epi pini tousuit.
4. Nivo mal k ap frape nou la a mande nou antre byen fon nan konsyans nou. Sila yo k ap detwi lavi epi touye rèv tout fanmi sa yo, pèdi tout konsyans sa yo rele byen ak mal. Men egzistans moun sa yo tou se imaj yon sosyete malad, ki wonje ak enjistik, kòriksyon ak lamizè. Yo aji san pè, san krent, yo menm sanble moun ki byen pwoteje. Ki men ki kache dèyè yo ? Pou kiyès y ap travay nan egzekite pwojè destrikson peyi nou renmen anpil la ? Moun ki gen pouvwa ak otorite pou mete fren nan aksyon y ap poze yo, poutan k ap gade yo k ap aji san fè anyen, fè tèt yo parèt konplis nan vye zak k ap fèt yo.
5. Karèm nan envite nou konvèti. Chak moun, nan nivo pa li, dwe poze tèt li kesyon sa a : èske mwen kite konpòtman pouryanis mwen oubyen laperèz anpeche mwen vin patizan lapè ? Èske mwen pa kontribye, ak desizyon m yo, pou ranfòse enjistik k ap pran pye nan peyi a ? Envitasyon pwofèt Jowèl la sonnen ak fòs pou nou : « kase tèt tounen vin jwenn mwen ak tout kè nou, nan fè jèn, kriye ak dèy. » (Jowèl 2, 12).

6. Frè ak sè nou yo, malè frape nou men nou pa pou kont nou. Jezi Kri te fè fas ak sa nan pasyon li lè l te aksepte pote tout chay soufrans limanite sou do li. Pak li a se esperans nou. Li aprann nou yvolans ak lanmò pa gen dènye mo. Pak Kris la se viktwa sou fènwa mal la.

7. Pèp nou an k ap kouri pasi pala ak lapenn nan kè li kapab jwenn fòs pou li leve kanpe ankò. Men sa egzije yon chemen lafwa, solidarite ak aksyon ki klè. Esperans kretyèn nan pa vle di tann mal la disparèt san nou pa fè anyen. Se yon apèl pou nou konstwi, nan lafwa ak lajistik, yon sosyete kote lavi respekte, kote dwa plase pi wo pase fòs brital la, kote chak moun ap santi li reskonsab byennèt tout moun.

8. Nan sitiyasyon detrès n ap viv la, nou envite chak batize fè karèm sa a tounen yon tan konba espirityèl ak angajman klè, nan jèn ak lapriyè. Fas ak mal ki depase nou an, fòk nou rele Bondye san rete. Se pou legliz nou yo vin tounen espas lapriyè pou lapè. An nou ede viktim yo vrèman, an nou soutni moun yo ki pèdi tout sa yo te genyen yo, an nou fè aksyon pou nou soulaje pi fèb yo. An nou youn tounen pou lòt la : men k ap redrese, vwa k ap pote sekou.

9. Nan lannwit doulè sa a, vwa legliz la vle tounen vwa Kris la menm k ap mande pou nou pa bay laperèz, dezespwa ak rayisans legen. Karèm nan raple nou chemen nou pa fini devan lakwa : li mennen nou nan rezireksyon.


Kòm pèleren lesperans, an nou vanse sou chemen Pak sa a ki anonse viktwa lavi sou lanmò.


Se pou Nòtredam Pèpetyèl Sekou, Manman pèp nou an, akonpaye nou epi lapriyè pou nou.

Mesaj sa a soti nan Kay kote Evèk Katolik peyi Ayiti yo konn reyini, Lilavwa, jou ki 3 mas 2025 la.

Men siyati Evèk Katolik Ayiti yo :


Monseyè Max Leroy MESIDOR
Achevèk Pòtoprens
Prezidan CEH


Monseyè Joseph Gontrand DECOSTE, SJ
Evèk Jeremi
Sekretè Jeneral CEH


Monseyè Pierre André DUMAS (Ospitalize)
Evèk Ansavo ak Miragwan
Vispresidan CEH


Monseyè Désinord JEAN
Evèk Ench
Ekonom CEH

+ L. Chiby
Kadinal Chiby LANGLOIS
Evèk Okay
Konseye

+ S. Launay
Monseyè Launay SATURNE
Achevèk Okap Ayisyen

+ Yves Marie Pean
Monseyè Yves Marie PEAN, CSC
Evèk Gonayiv

+ L. Alphonse
Monseyè Quesnel ALPHONSE, SMM.
Evèk Fòlibète

+ G. Toussaint
Monseyè Marie Erick Glandas TOUSSAINT
Evèk Jakmel

+ Barthélemy Peters
Monseyè Charles Peters BARTHELUS
Evèk Pòdepè

+ Sander Louis Jean
Monseyè Sander LOUIS-JEAN
Evèk Oksilyè Pòtoprens

+ Wismick Jean-Charles
Monseyè Wismick JEAN-CHARLES, smm
Evèk Oksilyè Pòtoprens

